



Pou Piblikasyon Imedya: 16/08/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO POZE AKSYON DESIZIF POU ASIRE KOUVÈTI ASIRANS POU MOUN KI TRANSJAN OSWA KI GEN SÈKS KI PA KONFÒM YO

*Konpayi Asirans Sante yo Pa Kapab Refize Reklamasyon pou Sèvis Medikal yo Akoz Moun Ki Gen Asirans lan Pa Prezante Kòm Sèks Moun Pou Ki Yo Konn Bay Sèvis lan Tipikman*

*Lèt k ap Sikile a Disponib [Isit la](#)*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke konpayi asirans sante yo pa kapab fè diskriminasyon oswa refize kouvèti asirans baze sou idantite sèksyèl. Aksyon sa pral asire ke moun ki transjan oswa ki gen sèks ki pa konfòm yo resevwa kouvèti asirans san kenbe an kont si yo te prezante kòm sèks moun pou ki yo konn bay sèvis lan tipikman oswa esklizivman. Yon lèt sikilè ki soti nan Depatman Sèvis Finansye a (Department of Financial Services, DFS) ke yo te pibliye jodi a bay enstwiksyon pou pran mezi rezonab yo, ki enkli mande enfòmasyon adisyonèl, pou kapab detèmine si moun ki gen asirans lan kalifye pou sèvis yo anvan yo refize yon reklamasyon. Anons sa ajoute sou aksyon global Gouvènè Cuomo yo pou kapab sipòte aksè a asirans sante pou tout Nouyòkè, ki enkli [gid](#) anvan yo ki ap bay moun ki gen asirans yo enstwiksyon ki di ke yo pa kapab refize bay yo tretman medikal ki nesèsè akoz disfori seksyèl.

“Nan New York, nou kwè ke swen sante se yon dwa, epi nou angaje nan pwoteje dwa sa pou tout Nouyòkè, kèkeswa revni, laj, ras, seksyalite oswa idantite seksyèl yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Kounye a, plis ke jamè, nou ap mennen nan nasyon an nan bay plis pwoteksyon pou tout Nouyòkè ke sila yo ki nan Washington ap chèche elimine, epi nou pral kontinye travay pou konbat diskriminasyon sou tout fòm epi asire tretman egal pou tout moun.”

**Direktè Depatman Sèvis Finansye a, Maria T. Vullo te di,** “Moun ki transjan yo pa ta dwe sibi diskriminasyon kont yo, epi yo pa ta dwe refize bay yo kouvèti asirans sante akoz sitiyasyon transjan yo oswa refize bay yo tretman senpleman akoz pwoblèm kodaj asirans yo. DFS pral asire ke tout Nouyòkè, kèkeswa idantite seksyèl yo, resevwa kouvèti asirans sante ke yo bezwen.”

Lèt sikilè a rive apre rapò ke DFS te resevwa ki mansyone ke kèk konpayi asirans sante te petèt ap refize reklamasyon moun ki transjan yo, akoz ke sèks ke moun lan idantifye a li a pa koresponn a sèks yon moun pou ki yo bay sèvis sa yo tipikman. Pa egzanp, yo

kapab refize yon reklamasyon pou evalyasyon sitoloji sèvikal pou yon moun ke yo te endike kòm fanm depi nesans li men ki prezante kòm gason akòz ke enfòmasyon konpayi asirans sante a endike ke moun ki gen asirans lan se yon gason. Menm jan an, yo kapab refize yon reklamasyon pou evalyasyon kansè pwostat pou yon moun ke yo te endike kòm gason depi nesans li men ki prezante kòm fanm akòz ke enfòmasyon konpayi asirans sante a endike ke moun ki gen asirans lan se anatomikman yon fanm.

Gid DFS la ap raple konpayi asirans sante yo ke, menm si yon konpayi asirans sante kapab mande enfòmasyon adisyonèl konsènan yon sèvis medikal espesifik, yon konpayi asirans sante pa kapab refize yon reklamasyon poutèt li pa gen enfòmasyon sifizan pou kapab peye reklamasyon an. Yon konpayi asirans sante ki jwenn yon reklamasyon nan men yon moun ki gen asirans ki gen yon jan oswa sèks pou yon sèvis ke yo bay tipikman oswa esklizivman a yon moun ki gen yon lòt jan oswa sèks yo ta dwe pran mezi rezonab yo, ki enkli mande enfòmasyon adisyonèl, pou kapab detèmine si moun ki gen asirans lan kalifye pou sèvis yo anvan yo refize reklamasyon an.

An plis, lè y'ap pwosede reklamasyon yo pou sèvis sante ke yo bay moun ki transjan oswa ki gen yon sèks ki pa konfòm yo, konpayi asirans sante yo pa kapab refize oswa limite sèvis sante yo ki nòmalman oswa esklizivman disponib pou moun yon sèks, pou yon moun ki transjan baze sou reyalye ke sèks moun nan te genyen nan nesans li, idantite seksyèl, oswa jan an diferan de sèks moun pou ki sèvis sante sa yo nòmalman oswa esklizivman disponib.

Aksyon sa konplèman yon seri aksyon ki te poze pa Gouvènè Cuomo pou pwoteje kouvèti asirans sante pou tout Nouyòkè yo kèlkeswa aksyon federal yo. Nan mwa Jen, Gouvènè Cuomo [te òdone](#) DFS pou yo pwomilge nouvo règleman ijans yo ki egzije konpayi asirans sante yo pou yo pa fè diskriminasyon kont Nouyòkè ki gen kondisyon medikal avan yo oswa ki baze sou laj oswa sèks yo, an plis de sovgade 10 kategori avantaj sante esansyèl ki garanti pa Lwa sou Swen Abòdab la (Affordable Care Act, ACA).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418